



Pou Piblikasyon Imedya: 12/06/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE TOUT BARYÈ PEYAJ THRUWAY ETA NEW YORK YO NAN LOWER HUDSON VALLEY PRAL KONVÈTI POU ALE NAN GICHÈ PEYAJ SAN LAJAN KACH SOU BOULVA YO APATI FEN 2018

Sistèm Tikè Thruway Lan (Liy Prensipal I-90 ak I-87 ak Seksyon Erie an) pral Vin Konplètman San Lajan Kach apati Fen 2020

Li Rive Apre Ouvèti Gichè Peyaj San Lajan Kach yo nan Pon Grand Island yo ki nan Rejyon Lwès New York nan Kòmansman Ane sa a

Gichè Peyaj San Lajan Kach yo Ap Redwi Anbouteyaj, Amelyore Sekirite, Diminye Dire Vwayaj yo, epi Redwi Polisyon Lè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a gichè peyaj san lajan kach yo pral kòmansé sou baryè peyaj fiks Otorite Thruway (Thruway Authority) ki rete yo nan Lower Hudson Valley apati fen 2018. Anons lan se pwochè etap nan transfòmasyon istorik pou amelyore trafik sikilasyon, redwi abouteyaj epi diminye dire tan vwayaj yo pou anviwon 265 milyon otomobilis ki ap vwayaje sou gwo otowout 917 kilomèt Thruway lan chak ane. Direktè Egzekitif Pa Enterim Otorite Thruway lan Matthew J. Driscoll te fè yon anons nan reyinyon Komite Direktè Otorite Thruway lan nan Albany nan Madi.

“New York ap rekonstwi epi reyelabore enfrastrikti eta nou an yo epi entwodwi yon nouwèl epòk koleksyon enpo ki pral ekonomize tan epi redwi abouteyaj sou otowout nou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Gichè peyaj san lajan kach yo se deja yon reyalye nan Grand Island ak sou Rivyè Hudson lan, epi yo pral bay chofè yo atravè Eta a komodite abouteyaj ki redwi ak pi bon trafik sikilasyon, kreye yon New York ki pi efikas pou tout moun.”

Apati fen 2018, lokal baryè peyaj ki nan Harriman (I-87)*, Yonkers (I-87), New Rochelle (I-95), ak Spring Valley (I-87 - Trafik Komèsyal Sèlman) yo pa pral aksepte lajan kach ankò. Ansanm kat baryè peyaj sa yo reprezante 22 pousan nan volim sikilasyon total sou sistèm Thruway lan. Yo prevwa ke konvèsyon pou ale nan gichè peyaj san lajan kach yo pral ekonomize chak vwayajè anviwon 200 minit chak ane.

An 2016, Otorite Thruway te entwodwi premye lokal gichè peyaj san lajan kach li an nan sa ki se kounye a Pon Governor Mario M. Cuomo an (I-87 sid - I-287 lès) nan kad pwojè pou ranplase Pon Tappan Zee an. Pon Grand Island ki nan Rejyon Lwès New York yo

te vin dezyèm lokal gichè peyaj san lajan kach Otorite Thruway an nan kòmansman ane sa.

Jan yo te anonse nan diskou Eta Leta 2018 Gouvènè Cuomo an, tout Thruway Eta New York lan pral konvèti pou vin san lajan apati fen 2020.

Direktè Egzekitif Driscoll te deklare, “Thruway jwe yon wòl vital nan ekonomi Eta New York lan epi nou fyè dèske Gouvènè Cuomo ap pataje vizyon nou sou yon gwo otowout modèn ki fyab nan fiti. Gichè peyaj san lajan kach yo pral amelyore epi bay vwayaj ki pi komòd atravè Eta New York pliske chofè yo pa pral gen pou kanpe epi rete tann pou peye enpo yo”.

Selon MTA, chofè New York yo te ekonomize plis pase 3 milyon èdtan vwayaj nan lokal anba lavil yo ane pase lè tout pon ak tinèl MTA yo te konvèti pou ale nan gichè peyaj san lajan kach yo.

Lè yo fin konplete, yo pral ranplase baryè peyaj fiks yo ki nan Lower Hudson Valley pa pòtik ki gen sansè ak kamera ki pandye sou otowout la. Pòtik yo ka lokalize nan divès lokal ke baryè gichè peyaj yo, sepandan, pwèn gichè peyaj yo pral rete menm jan. Teknoloji sansè sa yo ap li etikèt E-ZPass yo epi pran imaj plak lisans yo, pou ke veyikil yo pa gen pou kanpe ankò epi peye enpo yo. Veyikil ki gen etikèt E-ZPass yo faktire otomatikman, epi veyikil ki san etikèt yo gen plak lisans yo ke yo fotografye. Y’ap apre sa voye pa lapòs yon fakti peyaj bay pwopriyetè veyikil ki anrejistre a.

Kòm yon pati nan tranzisyon pou ale nan yon fason ki pi pratik epi ki pi efikas pou vwayaje sou wout New York yo, Otorite Thruway ap ankouraje tout otomobilis yo pou yo enskri pou yon E-ZPass, epi ekonomize sou dwa peyaj yo atravè eta a, ki enkli yon rabè senk pousan sou tout 917 kilomèt Thruway Eta New York lan. Tout chofè yo, kèlkeswa rezidans yo, kapab enskri pou yon kont E-ZPass New York nan www.E-ZPassNY.com; nan Sant Sèvis Kliyantèl E-ZPass yo; oswa lè yo rele Sant Sèvis Kliyantèl E-ZPass lan Gratis (E-ZPass Toll Free Customer Service Center) nan 1-800-333-TOLL (8655).

Yo pral itilize Peyaj pa Lapòs yo (Tolls By Mail) pou fè kòlèk peman enpo nan men moun sa yo ki pa gen E-ZPass. Yo egzije otomobilis yo pou mentni enfòmasyon adrès yo ajou ak Depatman Veyikil Motorize a (Department of Motor Vehicles). Chofè yo ki resevwa yon fakti kapab peye li sou entènèt lè y’ap swiv kèk ti etap sou sit entènèt Peyaj Pa Lapòs yo (www.tollsbymailny.com), apati lapòs oswa nan telefòn, epi opsyon peman yo gen ladan yo chèk, kat kredi oswa retrè dirèk nan yon kont bankè. Kliyan yo ki rele **826 apati laplipa telefòn mobil yo pral resevwa yon mesaj tèks ki gen yon lyen pou ale sou sit entènèt Peyaj pa Lapòs lan, ak enfòmasyon sou kijan pou yo kreye yon kont “Peye Peyaj Kounye A” (Pay Toll Now).

*Nan kad rekonstwiksyon santral Transpò ak Ekonomik Woodbury an pou 150 milyon dola a, ke Gouvènè Cuomo te anonse an Fevriye 2017, Otorite Thruway Eta New York lan pral konvèti baryè peyaj Harriman lan pou sikilasyon nan direksyon nò a soti depi nan Thruway (I-87) ki ap chèche aksede a Woodbury Common ak sòti NY Route 17 lan an gichè peyaj san lajan kach. Pou sikilasyon an vès lesid k ap soti nan kote yo bay tikè sou sistèm Thruway a, pral gen de liy peyaj k ap rete an fonksyon.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)